Қурбанбай жыраў ўақыяларды, қаҳарманның ҳәр қыйлы психологиялық ҳалатын, сыртқы пишимин жеткерип бериўде образлы түрде теңеўлерди орынлы қолланып отырады. Мысалы, Ер Қосайдың Ғодар бабасының изине ерип, қыздың елине баратырғандағы көринисин бериўде «Бул баланың жүзи оттай жанады», «Жас баланың бели жайдай бүгилди» [1:200] қатарларында баланың жүзин «отқа», шаршап бели талыққан ҳалатын «жайға» (оқ жайға) теңеўлерин қолланыў арқалы жеткерип береди. «Ер Қосай» дәстанында жыраў қаҳарманның образындағы ҳәр қыйлы ҳалатларды жеткерип бериўде «оттай» теңеўин жийи қолланады. Мысалы, қаҳарман ҳәм персонажлардың ашыўланыўы, ғәзеби келиў пайтындағы кеўил күйин бериўде, мысалы Ағымбайдың тилинен «Ишим оттай жанады» [1:203], Қансулыўдың тилинен «Иши оттай жанады» [1:232], жеңгесиниң ашыўланыў ҳалатын «Бетлери оттай жанады» [1:206], ләшкерлердиң дағдарысқа түскен, психологиялық ҳалатын «Өлим жаман, иши оттай жанады» [1:216], батырдың қарсыласы менен урысындағы ҳалатын бериўде «Оттай көзи жанады» [1:221], патшаның ызаланыў, ашыўланыў ҳалатын «Күйип оттай жанады» [1:226] теңеўлери менен береди. Белгили болғанындай оттың жасын тезлигинде лаўлап жанатуғынлығы аян, сонлықтан да қаҳарман яки персонаждың ҳәр қыйлы жағдайға түскен руўхый ҳалатын оттың жаныўына теңейди. Усы сыяқлы тезлик пенен жүз берген ўақыяны аса бөрттирип гиперболалық характерде, метафоралық мегзетиўлер менен образлы түрде теңеўлерди қолланыўда жийи ушырасады. Мысалы, Ағымбайдың тилинен қанның ағыўын «Суўдай қаның ағады» [1:203], жеңилген жаў ләшкерлериниң көринисин «Суўдай қанлар ағады» [1:225], шашы ағарған ғаррылықтың белгиси Ғодар бабаның тилинен «Қуўдай болған шашым бар» [1:204], қыздың сулыў портретин «Бадамдай болған қабақлы…», «Ҳүрдиң баласы сыяқлы» [1:207], персонаждың кеўил-күйи ҳәм ишки сезим туйғысының ҳалласлаўын дәрьяға теңейди «Дәрьядай кеўли ҳалласлап» [1:207], батырдың кеўли тасқан қуўанышлы жағдайын «Дәрьядай кеўлим тасып» [1:219], аттың кеўил күйин адам тақылетинде береди «Аттың кеўли дәрья киби тасыпты» [1:217], Ер Қосайдың келбетин «Алишердей балам сениң келбетиң» [1:212], жасының үлкенлигин «Аш гүзендей жасы бар» [1:223], Ғодардың ҳәдден тыс үлкенлигин дәўге теңейди «Дәўдей еди бул баба» [1:224], батырдың бурылып қараўын «Талдай бетин бурады» [1:232], Минсиз исленген исти «Мүлтиги жоқ оң қолдай» [1:234], Айкөкшени душпанлардың өлтириўин «Айкөкшениң айдай жүзин солдырған» [1:251] т.б. теңеўлер көплеп қолланылады. Көринип турғанындай теңеўлер адамның ҳәр қыйлы ҳалатын, ўақыя яки ҳәдийсени дәлиллеў усылы сыпатында қолланылады. Өнимли сүўретлеў құралы болған теңеўлер «…дәстанның идеясы ҳәм образлары менен байланысқан, оларда дәстанды дүзиўшилердиң тилеги ҳәм ең жарқын қыяллары жәмлестирилген» [2:199] болады. Сондай-ақ, теңеўлер көпшилик тропларда еки предметти салыстырғанда, бириниң өзгешелиги екиншисине өткенде көринеди. Мысалы,

Кәмбағалды қан жылатып бүлдирген,
Айкөкшениң айдай жүзин солдырған,
Атаң еди жалғаншыда Еркөкше,
Ҳийле менен ол муңлыны өлтирген [1:251].

Мысалдың биринши қатарында фразеологиялық бирлик қолланылыў арқалы метафоралық сүўретлеў усылы менен жаўдың елди бүлдирип, адамларды өлтириўи «қан жылатып» сүўретлеўи менен берилген. Бунда душпанның жаўызлығы менен Айкөкшениң өлими салыстырылып, ел қорғаны Айкөкшениң унамлы образы «айдай» теңеўи менен ашып бериледи.

**Жуўмақ.** Жуўмақлап айтканда «Ер Қосай» дәстанында қолланылған теңеўлер идеялық мазмунның ашылыўында, образлардың жасалыўында көркемлик хызмет атқарғанлығын көремиз.

**Әдебиятлар**

1. Қарақалпақ фольклоры. 20 томлық. XVII том. «Шийрин-Шекер», «Жаскелен», «Ер Қосай», «Ҳажы-Гирей». – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
2. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларының поэтикасы. – Ташкент: «Фан», 1965.
3. Жирмунский В.М., Зарифов Ҳ.Т. Узбекский народный героический эпос. – Москва: «Художественная литература», 1947.
4. Аристотель. Поэтика. –Ленинград: «Akademiya», 1927.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада қорақалпоқ қаҳрамонлик достони «Ер Қўсай»нинг сюжетида бадиий тасвирий восита ўхшатишларнинг функцияси ва қўлланилиш ҳусусияти тадқиқ қилинади. Достон сюжетида ўхшатишларнинг ғоявий мазуннинг очилишида ва образларнинг ясалишидаги хизмати мисоллар билан сифатлаб берилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье исследуется функция и особенности использования сравнений, являющихся средством художественного изображения в сюжете каракалпакского героического эпоса "Ер Косай." В сюжете дастана роль сравнений в раскрытии идейного содержания и создании образов описывается примерами.

**SUMMARY.** The article explores the function and features of using comparisons as a means of artistic depiction in the plot of the Karakalpak heroic epic "Yer Kosay." In the plot of the dastan, the role of comparisons in revealing the ideological content and creating images is described with examples.

## ATAMA – SÍRTQÍ KOMPOZICIYANÍŃ BIR BÓLEGI SÍPATÍNDA
### (Qaraqalpaq povestleri mısalında)

**Z.U.Bekbergenova –** *filologiya ilimleriniń doktorı (DSc), professor*
*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*
*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı*

**Tayanch so'zlar:** povest, kompozitsiya, syujet, sarlavha, mazmun va shakl, muallif g'oyasi, struktura, arxitektonika, obraz.
**Ключевые слова:** повесть, композиция, сюжет, заглавие, содержание и форма, авторская идея, структура, архитектоника, образ.
**Key words:** story, composition, plot, title, content and form, author's idea, structure, architectonics, image.

**Kirisiw.** Qálegen janr shıǵarmalarında meyli poeziyalıq, meyli prozalıq yamasa dramalıq shıǵarmalarda kompoziciya dúziw áhmiyetli xızmet atqaradı. Lekin, ádebiyattıń túr hám janrları óziniń tábiyatına qaray hár qıylı

bolǵanınday, olarda kompoziciya dúziw jazıwshıdan, shayırdan hám dramaturgten úlken sheberlikti talap etedi. Ádebiy shıǵarmanıń bir pútinligin támiyinlewde kompoziciya áhmiyetli orın tutatuǵın bolsa, usı kompoziciyalıq pútinlik ishki hám sırtqı birliklerden, yaǵnıy dúzilisten ibarat esaplanadı.

**Ádebiyatlar analizi hám metodologiya**. Poeziyalıq, prozalıq hám dramalıq shıǵarmalardıń kompoziciyası bir-birinen ajıralıp turadı. Lirikalıq shıǵarmalardıń kompoziciyası lirikalıq qaharmannıń ishki sezimleri, ruwxıy keshirmelerine tiykarlansa, epikalıq shıǵarmalarda keń kólemli waqıya hám hádiyselerge, al dramalıq shıǵarmalarda bolsa keskin háreketler dinamikasına qurıladı. Eger de, prozalıq shıǵarmalardıń kompoziciyası haqqında sóz etetuǵın bolsaq, álbette, «Kórkem shıǵarmalardaǵı waqıyalardıń, obrazlardıń, bólimlerdiń avtordıń oylaǵan ideyasın ashıw maqsetinde bir-biri menen tıǵız baylanısta jaylastırılıwı» [1:103] hám t.b. túsinikler menen birge óziniń qurılısına yaǵnıy, arxitektonikasına ishki (mazmun, waqıya, syujet, obraz, portret, peyzaj, detal, motiv hám t.b.) hám sırtqı (baplar, bólimler, atama, epigraf, prolog (alǵı sóz), epilog (sońǵı sóz) hám t.b.) kompoziciyalıq bóleklerdi qamtıp alatuǵınlıǵın kóremiz. Atap ótilgen ishki hám sırtqı kompoziciya birlikleriniń hár biri shıǵarmanıń mazmunın ashıwda hám syujettiń bir pútinligin támiyinlewde belgili dárejede kórkemlik xızmet atqaradı. Kompoziciyanı «struktura» yamasa «arxitektonika» terminleri menen ataw hám de shıǵarmanıń «sırtqı kompoziciyasına» tiyisli «atama»nıń kompoziciya qurıwda oraylıq orında turatuǵınlıǵı haqqında bir qatar alımlardıń miynetlerinde sóz etiledi [1; 2; 3].

**Talqılay hám natiyjeler.** Sońǵı jıllarda dóretilgen qaraqalpaq povestlerin alıp qaraǵanımızda olardıń mazmun hám tematikası, syujet hám kompoziciyası, obrazlar dúnyası, waqıyalardı bayanlawlardıń zamanǵa say tárizde payda bolıp atırǵanlıǵın gúzetemiz. Ásirese, jazıwshılardıń shıǵarmalarına tema tańlawı yamasa atama qoyıwı kompoziciya dúziwdiń, oqıwshılardıń bar dıqqat-itibarın shıǵarmanıń pútin mazmunına qaratıwdıń birden-bir usılına aylanıwı da ayrıqsha qızıǵıwshılıq oyatadı.

Sonlıqtan da, biz bul maqalamızda sırtqı kompoziciyalıq birliklerdiń biri bolǵan «atama» qoyıw máselesin sońǵı jıllardaǵı qaraqalpaq povestleri mısalında qarastırıp ótemiz.

«Shıǵarma ataması – kórkem shıǵarma arxitektonikasında shólkemlestiriwshilik xızmet atqaradı. Kópshilik jaǵdaylarda shıǵarma ataması onıń mazmunı menen tıǵız baylanısta boladı» [4:145].

Mısalı, jazıwshı T.Qayıpbergenovtıń «Suwıq tamshı» povestiniń dáslepki ataması «Namıs kúshi» (1964) dep ataladı. Bul povesti ataqlı ózbek jazıwshısı Abdulla Qahhar Ǵayıp Yakupov penen birge ózbek tiline awdaradı hám povest atamasın «Bir suwıq tamshı» dep ózgertedi. Bul povesttiń ataması hám ideyası haqqında ádebiyatshı K.Xudaybergenov bılay jazadı: «T.Qayıpbergenovtıń bul povestiniń dáslepki ataması «Namıs kúshi» edi. Bunday atama avtordıń niyetin oqıwshıǵa ańsat jetkergeni menen ideyanıń tereńde jatıwı usaǵan realistlik tvorchestvo talabı kózqarasınan onsha maqullawǵa bolmaytuǵın tárepi de bar edi. Abdulla Qahhar bul povestti ózbek kitap oqıwshılarına jetkeriwge xızmet etiw menen sheklengen joq. Ol avtordıń oy-pikiriniń kitap oqıwshıǵa obrazlı hám tekst astında beriliwine de járdemlesti. Povest keyin ala, Abdulla Qahhardıń ataması menen rus, qaraqalpaq hám basqa da xalıqlardıń tillerinde shıǵa basladı, bul atama avtordıń ózine de maqul boldı» [5:110-111]. Haqıyqatında da, bul povesttiń ataması haqqında pikir júritetuǵın bolsaq, «Namıs kúshi» dep atawǵa da bolar edi. Lekin, jazıwshı povesttiń kirispesinde-aq (prologinde) «ómirdiń bir suwıq tamshısı» detalın sheberlik penen qollanadı. Sońınan povest waqıyasınıń hám ideyasınıń tolıǵı menen ashılıwında usı detal ayrıqsha rol atqaradı. Ádebiyat tariyxı menen házirgi dáwir kórkem ádebiyatında ayırım lirikalıq shıǵarmalardıń temasız yamasa atamasız qollanılǵanın ushıratıp otırsaq, bunday qubılıstı prozalıq yaki dramalıq shıǵarmalarda ushıratpaymız. Prozalıq hám dramalıq shıǵarmalarǵa atama qoyıw shártli esaplanadı. Bunı janrdıń tábiyatınan kelip shıǵıp túsindirsek boladı. Bul haqqında poeziya izertlewshisi G.Tleuniyazova bılayınsha pikir bildiredi: «Lirikalıq túr ıqsham, barınsha qısqa, keshirmelerdi beriw jetekshilik etetuǵın bolǵanlıqtan, onda ayırım qosıqlar atamasız da keledi. Bunıń jáne bir sebebi, qosıqta sáwlelengen kórkem oy-pikirdi tolıq túrde ózinde jámley alatuǵın hám bir oqıǵanda oqıwshıǵa kórkem estetikalıq tásir kúshine iye bolǵan atamanı tawıp qoyıwǵa dóretiwshi qıynaladı. Sonday-aq, qosıqqa atama qoymaw – shayırdıń ishki talabı, individual stili menen de baylanıslı» [6:70]. Kórip ótkenimizdey, kórkem shıǵarmalardıń, sonıń ishinde prozalıq shıǵarmalardıń «Dúzilisindegi dáslepki simiotikalıq oray atama esaplanadı, onda avtor ideyası, koncepciyası belgili orın tutadı. Atama dáslepki tásir etiwshi kúshke iye bolıp, avtor hám kitap oqıwshısınıń ruwxıy sáwbetlesiwinde kiris sóz xızmetin óteydi. Kórkem sóz iyeleriniń bar talantın, dóretiwshilik niyetin bahalaw usı jerden baslanadı» [7:168].

Atap ótilgen ilimiy-teoriyalıq pikirlerden kelip shıǵatuǵın juwmaq sonda, qálegen prozalıq dóretpelerdiń ataması shıǵarmanıń bir pútinligin támiyinlewde hám mazmunın ashıwda, avtordıń alǵa qoyǵan niyetin jetkerip beriwde sheshiwshi xızmet atqaradı.

Biz bunı sońǵı jıllarda dóretilgen ayırım povestlerdiń mısalında talqılap kóreyik. Mısalı, G.Esemuratovanıń «Múrshiyda Bekpolatova kim?» dep atalǵan hújjetli povestiniń atamasınan kórinip turǵanınday, haqıyqatında da Múrshiyda Bekpolatova kim? degen soraw, kitap oqıwshısınıń qıyalınan ótiwi tábiyiy. Bul povest ataması birinshiden adam ismi menen baylanıslı bolıp, ekinshiden oqıwshınıń dıqqat-itibarın usı insannıń táǵdirine tiyisli waqıyalardı tezirek oqıp, tanısıwǵa jeteleydi. Yaǵnıy, povesttegi hayal ismi povesttiń orayında turıp, ótken XX ásirdiń dáslepki shereginde tatar milletiniń wákili Murshiyda Bekpolatovanıń ilim-bilim nurın taratıw maqsetinde elimizge kelip bilimlendiriw tarawında pidayı xızmet atqarǵanlıǵı, basınan ótkergen baxıtlı hám táshwishli demleri qızıqlı súwretlenedi. Jazıwshı Múrshiyda Bekpolatovanı bilmeytuǵın búgingi kitap oqıwshılarına jaqınnan tanıstırıw maqsetinde onıń ómirine tiyisli waqıyalardı hújjetlerge, tariyxıy hám kórkem dereklerge tiykarlanıp isenimli súwretlegen. Jazıwshı Sh.Usnatdinov «Ibrayım Yusupov» (Shayırdıń jaslıǵı) degen atamadaǵı hújjetli povestinde bolsa, elimizge belgili ataqlı shayır I.Yusupovtıń dóretpeleri menen jaqınnan tanıs búgingi kitap oqıwshıların ullı talant iyesiniń ómirine, ásirese shayırdıń balalıǵınan baslap jaslıq jıllarına tiyisli turmıs waqıyalarına qızıqtırıp qoyadı. E.Úsenovtıń «Xanmaqsım» povestinde bolsa, XX ásirdiń dáslepki shereginde elimiz boylap en jayǵan kollektivlestiriw siyasatınıń awır aqıbetleri xalqımız arasında «Xanmaqsım» ismi menen tanılǵan diniy sawatqa iye Ubaydulla maqsım (Xanmaqsım) hám onıń átirapındaǵı zamanlaslarınıń táǵdiri mısalında ashıp beriledi. Usı sıyaqlı shıǵarma atamalarınıń belgili insanlardıń ismleri menen atalıwın G.Esemuratovanıń «Akademik S.Kamalov»,

Sh.Usnatdinovtıń «Polat Madreymov» povest-esselerinde, S.Bahadırovanıń «Tomaris hám Kir» tariyxıy povestinde, Á.Paxratdinovtıń «Aydos biy haqqında ápsana» povestinde, K.Mámbetovtıń «Márziya», M.Nızanovtıń «Aqshagúl» povestlerinde ushıratamız. Jazıwshılar atı atalǵan adam atlarına tiyisli tariyxıy, ápsanalıq hám realistlik waqıyalardı shıǵarmalarınıń bir pútin kompoziciyasına hám mazmunına jámlep sáwlelendiriwge háreket etedi. Yaǵnıy, bul povestlerge qoyılǵan «atama»lar shıǵarmanıń tiykarǵı teması hám problemasın ashıp beriwge xızmet etkenligi sezilip turadı. Mısalı, Sh.Usnatdinovtıń «Polat Madreymov» povest-essesinde kórkem ónerimiz hám mádeniyatımızda óz ornına iye bolǵan Polat Mádreymovtıń ómiri ham dóretiwshilik iskerligi ómirbayanliq bay faktlik materiallar menen qızıqlı hám kórkem súwretlense, usı avtordıń «Sońǵı ańshı» povestinde bolsa ǵárezsizligimizdiń sharapatı menen ótkendegi diniy insanlardıń ómirine tuwǵan qáwip-qáterlerdi, povest qaharmanı Haymatdinniń obrazı hám qıyınshılıqqa tolı ómiri mısalında búgingi áwladlarǵa jetkerip beriwge erisken.

G.Esemuratovanıń «Mıń da bir keshirim», «Gónergen súrenler», «Kim tıńlaydı muńımdı», «Ata-anam bolar ma edi», Á.Atajanovtıń «Órmekshiniń awı», Á.Qarlıbaevtıń «Publicistika» rubrikası astında «Ádira qalǵır…» (Tariyxıy publicistikalıq povest) povestleriniń atamaları belgili bir dáwirdiń úlken mashqalalaların ózinde pútin ideya-tematikasında jámlep súwretlewi menen ózgeshelenip turadı. A.Sultanovtıń «Ómir ótkelleri», M.Nızanovtıń «Jat jurttaǵı jeti kún», G.Tursınovanıń «Kelemishlengen ómir», K.Genjeevtıń «Jaslıǵım qaytıp kelse», H.Serjanovtıń «Ótmish hikayası», X.Saparovtıń «Urıs jıllarınıń jańǵırıǵı» sıyaqlı povestlerinde belgili bir waqıttı hám keńislikti bildiriwshi atamalar qollanılǵan. Bul povestlerdiń syujet hám kompoziciyasında insan ómiriniń belgili bir jılları, este qalarlıq umıtılmas máwritleri yamasa qısqa hám uzaq dáwirler dizbegi atamada jámlenip, qaharmanlar háreket etken waqıt hám keńislikti dúziwde aktiv qatnasadı.

Ayırım atamalar insannıń ishki ruwxıyatın, adamgershilik pazıyletlerin ashıwda yamasa olardıń minez-qulqındaǵı yamasa is-háreketlerindegi unamlı yaki unamsız qásiyetlerdi sáwlelendiriwde kórkem obrazlı túrde qollanıladı. Mısalı, J.Serjanovtıń «Shaytannıń oyını», «Dóhmet», A.Aqnazarovtıń «Janaybat», A.Ábdievtıń «Sawın sıyır» sıyaqlı realistlik hám detektivlik súwretlewlerge qurılǵan povestlerdiń mazmunında adamlardıń boyındaǵı iyman, insap, sawap, jala, dóhmet, durıs hám burıs háreketleri jámlengen. Usınday adamzatqa tán bolǵan ólshemler shıǵarma atamalarında jarq etip kózge taslanadı.

Jazıwshı M.Tawmuratovtıń «Toǵay qosıǵı» povestinde bolsa, qolımnan keledi dep qonıshınan basıp júrgen toǵay xojalıǵında isleytuǵın ayırım hámeldarlardıń haq júrekli, óz isiniń pidayısı bolǵan jurnalist jigit Muratbay menen inspektor Jiyenbaydı isli etiwge umtılıwı hám ózleriniń ekologiyamızǵa keltirip atırǵan apatshılıqların, toǵay ańlarına bolǵan jawızlıq háreketlerin jasırıwǵa urınıwı sóz etilse, Sh.Payzullaevanıń «Tábiyatqa tájim» povestinde de bizdi qorshaǵan ana-tábiyatımızdı qorǵaw hám abaylap-asırıw ideyası alǵa súriledi. J.Serjanovtıń «Ǵarǵıs» povestiniń ideya-tematikası jámiyette ómir súrip atırǵan adamlardı iyman-insapqa, miyrim-shápáátlikke shaqırıwǵa baǵdarlaydı.

Álbette, biz atların atap ótken povestlerdiń hár birine qoyılǵan atamalar belgili maqsette júzege shıǵıp, shıǵarma waqıyaların, qaharmanlar tágdirin oqıwshıǵa jetkerip beriwge baǵdarlanǵan.

**Juwmaq.** Solay etip, kórkem shıǵarmaǵa atama qoyıw, birinshiden janrdıń talaplarınan kelip shıǵıp ámelge asırılsa, ekinshiden, jazıwshınıń sheberligine, alǵa qoyǵan niyetine, koncepciyasına baylanıslı júzege shıǵatuǵın kórkem kompoziciyalıq birlik esaplanadı. Eń tiykarǵısı, kórkem shıǵarmanıń ataması teksttiń mazmunın ashıwda, waqıyalardı shólkemlestiriwde hám oqıwshıǵa utımlı jetkerip beriwde shólkemlestiriwshilik, kórkem-estetikalıq xızmet atqaradı. Bunı biz sońǵı jıllardaǵı ayırım povestlerdiń atamaları mısalında dálillep beriwge háreket ettik. Keleshekte, shıǵarma atamasın epigraf, bap hám bólimler, prolog, epilog, lirikalıq sheginis sıyaqlı sırtqı kompoziciyalıq birlikler, jáne de syujetlik dúzilisi, obrazlar dúnyası, portretlik hám peyzajlıq súwretlewler, detal, motiv hám t.b. ishki kompoziciyalıq birlikler menen tutas izertlewler alıp barılsa, shıǵarmanıń bir pútinligi haqqındaǵı pikirlerdiń júzege shıǵatuǵınlıǵı anıq.

**Ádebiyatlar**


1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 1994.
2. Федотов О.И. Основы теории литературы. В 2 ч. Ч.1. – Москва: «Владос», 2003.
3. Николина Н.А. Филологический анализ текста. – Москва: «ACADEMIA», 2003.
4. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: «Ўзбекистон». 2002.
5. Худайбергенов К. Бәри – жазыўшының творчесволық нийетинен басланады. // Дәўир ҳәм парыз. – Нөкис: 1987. 110-111-б.
6. Тлеуниязова Г. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында композициялық изленислер (1990-2010-жыллар). – Ташкент: «LESSON PRESS» 2022.
7. Расулова У. XX аср ўзбек қиссачилиги (поэтик изланишлар ва тараққиёт тамойиллари). Филология фанлари доктори (DSc) диссертация. – Тошкент: 2020. 168-б.


**REZYUME.** Nasriy asarlarning tashqi kompozitsiyasida boblar, qismlar, sarlavha, epigraf, prolog, epilog v.h muhim oʻrin egallaydi. Maqolada ushbu tashqi kompozitsion vositalarning biri hisoblangan sarlavhaning badiiy asar arxitektonikasini tashkil qiluvchilik roli hozirgi qoraqalpoq povestlari misolida koʻrib chiqilib, tegishli xulosalar chiqarilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Главы, части, заголовок, эпиграф, пролог, эпилог и т.д. занимают важное место во внешней композиции прозаических произведений. В статье рассматривается роль заглавия как одного из этих внешних композиционных средств в формировании архитектоники художественного произведения и делаются соответствующие выводы на примере современных каракалпакских повестей.

**SUMMARY.** Chapters, parts, titles, epigraphs, prologues, epilogues, etc. occupy an important place in the external composition of prose works. The article examines the role of the title as one of these external compositional tools in shaping the architectonics of a literary work and draws relevant conclusions using the example of contemporary Karakalpak short stories.